



Pou Piblikasyon Imedya: 07/12/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE REZILTA FEN ANE INISYATIV YO POU KENBE TRAVAYÈ SOU OTOWOUT YO AN SEKIRITE

Operasyon kat sekirite, pwogram pilòt sou kontwòl vitès nan zòn travay ak nouvo lwa "mete w akote" ki vize ranfòse sekirite pou travayè ak otomobilis yo

Gade mesaj [videyo](#) Karen Torres, kote papa a - travayè antretyen NYSDOT Patrick Mapleson - te mouri nan yon aksidan nan zòn travay la an 2006

Pandan konstriksyon nan anpil nan Eta New York la kòmanse fini avèk sezon ivè a k ap antre, jodi a, Gouvènè Kathy Hochul te mete aksan sou rezilta fen ane plizyè inisyativ ki fèt pou kenbe travayè otowout yo ak otomobilis yo an sekirite atravè Eta New York. Men sa yo enkli yon nouvo pwogram pilòt pou kontwòl eksè vitès nan zòn travay yo, yon patenarya ant ajans transpò eta yo an koperasyon ak antite ki fè respekte lalwa eta ak lokal yo, ak yon nouvo lwa ki fèt pou pi byen pwoteje otomobilis nan machin an pàn yo. Lejislati a te travay di pou prezante ak adopte mezi esansyèl sa yo pandan plizyè ane ki pase yo, epi inisyativ yo te answit aplike avèk sipò ak asistans patnè eta a nan travay òganize ak endistri ki gen kontra a, ki gen manm yo travay tou nan anviwònman danjere nan avantaj tout Nouyòkè yo.

"New York gen zewo tolerans pou konpòtman neglijan oswa agresif ki mete an danje gason ak fanm nou yo nan travay ki travay di chak jou pou fè nou kontinye avanse", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Limit vitès zòn travay yo ak lòt restriksyon pwoteje travayè otowout yo k ap fè wout nou yo vin pi an sekirite pou tout moun, epi aksyon yo nou te pran ane sa a pwouve yo efikas".

Pwogram Pilòt Siveyans Otomatik Vitès nan Zòn Travay yo

Eksè vitès nan zòn travay otowout yo mete travayè yo ak lòt otomobilis yo an danje epi li se yon faktè komen nan envazyon danjere nan zòn travay yo. An avril 2023, pandan sezon konstriksyon an t ap demare ofisyèlman atravè eta a, Gouvènè Hochul [te anonse](#) lansman yon Pwogram Pilòt Siveyans Otomatik Vitès nan Zòn Travay nan 20 sit Depatman Transpò Eta New York (New York State Department of Transportation, NYSDOT) opere ak 10 sou otowout Eta New York. Lejislasyon Gouvènè Hochul te siyen an etabli Pwogram pilòt Siveyans Otomatik Vitès nan Zòn Travay yo epi gen entansyon amelyore respè limit vitè ak ralanti veyikil nan zòn travay yo. W ap jwenn plis enfòmasyon sou pwogram pilòt la [isit la](#).

Jiska 22 novanm, yo te bay 133,640 avi sou responsablite pou otomobilis atravè eta a, ki gen ladan 95,861 ki soti nan zòn travay Depatman Transpò Eta a kontwole ak 37,779 ki soti nan zòn travay sou Otowout (Thruway) Eta New York. Tou de ajans yo te rankontre otomobilis k ap kondwi a yon vitès ki depase 160 kilomèt alè atravè zòn travay kontwole yo.

Avi sou responsablite selon rejyon yo te distribye konsa:

- Long Island – 41,709
- Rochester/Finger Lakes – 32,578
- Vil New York – 12,330
- Albany/Rejyon Kapital – 4,616
- Binghamton/Southern Tier – 1,200
- Syracuse/ New York Santral – 1,140
- Poughkeepsie/Hudson Valley - 1,016
- Buffalo/Rejyon Lwès New York - 849
- Hornell/Western Southern Tier - 211
- Watertown/North Country - 113
- Utica/Mohawk Valley - 99
- Thruway - 37,779

Y ap bay kontravansyon nan pwogram pilòt la konsa:

- 50 dola pou premye vyolasyon
- 75 dola pou dezyèm vyolasyon
- 100 dola pou twazyèm vyolasyon ak vyolasyon ki vin apre yo nan 18 mwa apre premye vyolasyon an

Kontravansyon ki pa peye yo ka lakòz yon sispansyon nan anrejistreman machin epi chofè yo p ap kapab renouvle anrejistreman yo san yo pa peye kontravansyon yo anvan. Pwopriyetè yo ka konteste yon vyolasyon nan 30 jou apre yo te resevwa avi. Jan lalwa egzije sa, 60 pousan lajan NYSDOT ak Otorite Thruway kolekte atravè pwogram nan pral konplete pwojè sekirite nan zòn travay yo.

Nan apeprè 4.9 milyon machin ki te depase yon machin nan zòn travay otomatik nan yon zòn travay NYSDOT pandan premye sis mwa pwogram pilòt la, yo te bay sanksyon a mwens pase de pousan. Plis pase 7,500 oswa nèf pousan nan tout vyolasyon vitès NYSDOT yo se te moun ki te fè zak sa deja.

Nan plis pase 2.3 milyon machin ki te depase yon machin nan zòn travay otomatik nan yon zòn travay Thruway pandan premye sis mwa pwogram pilòt la, ki te lanse an me 2023, yo te bay sanksyon a mwens pase de pousan. Pandan peryòd sa a, vitès mwayèn nan zòn travay ki gen yon limit vitès 72 kilomèt alè (45 mph) afiche soti nan 75 kilomèt alè (47 mph) an me pou rive 69 kilomèt alè (43 mph) an novanm. Vitès mwayèn nan zòn travay ki gen yon limit vitès ki afiche 89 kilomèt alè (55 mph) te nan anviwon 80

kilomèt alè (50 mph). Malgre rediksyon vitès yo, plis pase 1,500 oswa kat pousan nan tout vyolasyon vitès Thruway yo se moun ki te fè zak sa yo deja ki fè yo ankò.

Operasyon Kas Sekirite

Dapre "Operasyon Kas Sekirite", Twoup Eta yo oswa ofisye Ispolis lokal yo abiye tankou travayè antretyen otowout nan zòn travay NYSDOT oswa Thruway ki aktif atravè New York, ki idantifye ak mansyone otomobilis pou yon kantite vyolasyon, tankou dezobeyi pèsonèl k ap siyale ak drapo, eksè vitès nan zòn travay, itilizasyon telefòn selilè ak senti sekirite, ak/oswa vyolasyon lwa Mete w Akote Eta a. An 2023, Lapolis Eta a ak ajans ki fè respekte lalwa te bay 2,919 kontravansyon pandan 84 deplwaman atravè eta a.

2,919 kontravansyon pandan Operasyon Kas Sekirite ane sa a enkli vyolasyon sa yo:

- Eksè Vitès - 1,048
- Itilizasyon Telefòn Selilè - 499
- Senti Sekirite - 353
- Vyolasyon Lwa Mete Ou Akote -230
- Dezobeyi Aparèy Kontwòl Sikilasyon - 18
- Chanjman Vwa Danjere - 3
- Dezobeyi Moun ki Responsab Sikilasyon yo - 1
- Lòt vyolasyon - 767

Lòt vyolasyon ka gen ladan men pa limite a kontravansyon yo bay pou pa-briz ki fele, limyè devan ki sote, enspeksyon ki ekspire, echapman ki pa bon, ak sa k ap woule san lisans.

Vyolasyon pa rejyon yo te distribye konsa:

- Utica/Mohawk Valley - 504
- Albany/Rejyon Kapital - 438
- Long Island - 378
- Syracuse/ New York Santral - 272
- Binghamton/Southern Tier - 272
- Thruway - 258
- Rochester/Finger Lakes - 222
- Hornell/Western Southern Tier - 198
- Watertown/North Country - 174
- Poughkeepsie/Hudson Valley - 105
- Buffalo/Rejyon Lwès New York - 98

Lwa Mete w Akote a

Nan mwa septanm 2023, Gouvènè Hochul [te siyen lejislasyon](#) ki amelyore lwa "Mete w Akote" ki egziste deja ki egzije chofè yo fè atansyon pou evite machin ki kanpe sou wout la, enkli lè yo ap chanje liy yo. Lwa Mete w Akote a te an plas depi 2010 epi li fèt

pou anpeche kolizyon ak machin ijans yo. Nan ane pase yo, lwa a te elaji pou kouvri machin ki danjere yo ak lòt machin sekouris yo. Prèske 300 chofè frape epi yo mouri bò wout chak ane, epi 37 moun te frape epi yo mouri nan yon machin an pàn nan New York ant 2016-2020. Dènye amannman an te elaji lwa mete w akote ki egziste deja pou kouvri tout machin ki kanpe sou wout la.

Lwa Mete w Akote Eta a se yon bagay ki pèsònèl pou Karen Torres, papa l te mouri lè yon kamyon siman te frape l pandan l t ap travay nan yon ekip wout NYSDOT.

[Telechaje istwa li.](#)

Komisè Depatman Transpò (Department of Transportation, DOT) Eta a, Marie Therese Dominguez te deklare, "Travayè otowout nou yo enpòtan anpil pou tout sa n ap fè isit la nan Depatman Transpò a, epi m ap mande moun y ap sèvi yo – piblik vwayajè a – pou yo tanpri respekte manm ekipaj nou yo ak travay enpòtan y ap fè a. Li sifi ke w retire je w sou wout la pou l transfòme yon vwayaj nòmal an yon trajedi ak konsekans ki dire tout lavi. Mwen remèsye Gouvènè Hochul pou sipò inebranlab li pou sekirite travayè nou yo ansanm ak patnè nou yo nan gouvènman an, endistri a ak mendèv la, pou kolaborasyon kontinyèl yo nan anpeche trajedi initil rive".

Direktè Egzekitif Pwovizwa Otorite Thruway la, Frank Hoare, te deklare, "Pandan sis premye mwa yo nan Pwogram Pilòt Kontwòl Otomatik Vitès nan Zòn Travay, chofè yo te redwi konsiderableman vitès mwayèn nan zòn travay nou yo epi Otorite Thruway te wè yon diminisyon nan vyolasyon mwayèn yo pibliye chak mwa. Sa a se done tanjib ki reprezante chanjman reyèl nan konpòtman chofè yo ki mennen nan zòn travay ki pi an sekirite pou anplwaye nou yo ak otomobilis yo. Mwen vle remèsye Gouvènè Hochul ak Administrasyon li a pou devouman fèm yo pou pwoteje mendèv nou an, ak patnè eta nou yo nan NYSDOT, Lapolis Eta New York, DMV ak Komite Sekirite Sikilasyon Gouvènè a paske yo travay avèk nou nan inisyativ tankou kontwòl Operasyon Kas Sekirite ak Mete w Akote a pou rann wout eta nou an pi an sekirite pou tout moun".

Sirentandan Pwovizwa Lapolis Eta New York la, Dominick L. Chiumento, te deklare, "Lapolis Eta New York angaje pou l kenbe wout nou yo an sekirite - pou sila yo k ap vwayaje sou yo, akpou sila yo k ap travay sou yo, men sa mande yon travay an ekip. Mwen remèsye Gouvènè Hochul ak patnè Ajans Eta nou yo pou angajman yo pran nan inisyativ sekirite tankou sa yo, ki te ede rann wout nou yo vin pi an sekirite pou tout moun. Nou ankouraje tout chofè yo kontinye fè pati pa yo nan ralanti ak mete yo akote lè yo wè yon veyikil ijans oubyen yon ekip mentnans sou kote yon wout, rete vijilan epi kenbe aparèy elektwonik yo lwen. Lè nou pran mezi senp sa yo, sa ka sove lavi moun".

Komisè Depatman Veyikil a Motè (Department of Motor Vehicles, DMV) ak Prezidan Komite Sekirite Sikilasyon Gouvènè a (Governor's Traffic Safety Committee, GTSC), Mark J.F. Schroeder, te deklare, "Nan sezon vwayaj chaje sa a ak pandan tout ane a, li enpòtan anpil pou nou kondui san danje epi pwoteje travayè otowout nou yo, kit se ekip k ap travay sou wout la, operatè chari oswa moun k ap bay

asistans pou machin ki an pàn yo. Yo la pou ede, epi fanmi yo vle epi bezwen yo tounen lakay yo san danje apre yon jounen travay di".

Senatè Eta a, Timothy M. Kennedy, te deklare, "Travayè otowout yo dedye jou yo pou rann wout nou yo pi an sekirite, e poutan chak jou lè yo fè sa, yo ap mete pwòp lavi yo an danje. Inisyativ sa yo fèt pou ranfòse estanda sekirite yo, dekouraje kondwi ki fèt ak ensousyans, epi sitou, fè travayè sa yo - ak chofè yo atravè New York - rive lakay yo an sekirite pou rejwenn fanmi yo nan fen jounen an".

Manm Asanble William B. Magnarelli, ki se Prezidan Komite Transpò Asanble a, te deklare, "Sekirite pou travayè otowout yo gen anpil enpòtans, sitou paske sezon ivè a kreye anviwònman danjere sou wout yo ak otowout yo. Mwen felisite antite ki fè respekte lalwa nan eta ak lokal yo k ap travay ansanm pou asire sekirite travayè otowout yo ak otomobilis ki gen pàn yo. Lwa tankou lwa sou kamera zòn travay pilòt mwen te kòmanse a, ansanm ak lapolis ak sipò sendika yo pral ede kenbe travayè nou yo an sekirite pandan mwa frèt ak ivè k ap vini yo".

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Associated General Contractors of New York State (AGC NYS), Mike Elmendorf, te deklare, "Sekirite se pi gwo priyorite nan endistri konstriksyon—epi sekirite zòn travay la gen pou wè ak kenbe travayè yo ak otomobilis yo an sekirite. Endistri konstriksyon ak patnè piblik nou yo—NYSDOT, Otorite Thruway ak Lapolis Eta—ansanm ak travayè òganize, te gen yon patenarya san parèy nan batay pou zòn travay ki pi an sekirite atravè New York. Mwen bat bravo pou Gouvènè Hochul ak administrasyon li an pou gwo kolaborasyon sa a ak paske yo priyoreze sekirite nan zòn travay. Nou kontinye lanse apèl bay chofè yo pou yo ralanti epi fè plis atansyon nan zòn travay yo pou yo menm ak gason ak fanm k ap travay la yo ka rive lakay yo san danje".

Prezidan CSEA a, Mary E. Sullivan, te deklare, "Nou aplodi efò Gouvènè Hochul ak Depatman Transpò Eta New York paske yo ogmante lejislasyon epi adopte inisyativ sekirite nan zòn travay ki pi enpòtan pou moun k ap travay epi vwayaje sou wout yo atravè eta a. Sa a se yon lòt pa ankò nan fason pou asire anpil nan manm sendika nou yo ki souvan riske sante ak sekirite yo, k ap travay anpil èdtan, lannwit kou lajounen epi souvan nan kondisyon move tan, ke gouvènman Eta New York ak lapolis la pou yo epi sousye de sekirite yo".

Prezidan Konsèy Konjwen Teamsters 16 la, Thomas Gesualdi, te deklare, "Travayè konstriksyon otowout New York yo fè eta nou an avanse epi sekirite yo enpòtan anpil. Kontwòl vitès nan zòn travay ak lòt mezi sekirite fè yon diferans reyèl pou sekirite manm nou yo epi ba yo lapè nan tèt yo ke yo pral tounen lakay yo chak jou. Mwen remèsye Gouvènè Hochul paske priyoreze sekirite travayè konstriksyon yo avèk inisyativ sa yo".

Rekonèt ak konprann siy ki mennen ale nan ak andedan yon zòn travay esansyèl pou sekirite tout chofè ak travayè bò wout yo. N ap raple otomobilis yo ke kontravansyon yo double pou vitès nan yon zòn travay epi selon Lwa 2005 sou Sekirite Zòn Travay (Work Zone Safety Act) yo, kondanasyon pou de oswa plis vyolasyon vitès limit nan yon zòn

travay kapab lakoz yo pran lisans yon moun. Ou kapab jwenn plis konsèy sou sekirite zòn travay nan www.ny.gov/workzone.

Ekip antretyen nan tout eta a ap travay ak veyikil rapid chak jou, pandan yo konnen ke lavi yo depann de chofè ki resevwa anons, chofè ki pasyan epi ki pridan. Li vrèman enpòtan pou otomobilis yo elimine distraksyon, pote atansyon ak wout la epi pase a kote poutèt travayè yo. Pandan tout sezon konstriksyon an, plis ekip antretyen ak travay yo sou wout la pou fè reparasyon ak amelyorasyon pou asire wout yo an sekirite pou otomobilis yo. Tout vwayajè yo ta dwe prepare pou redui vitès yo epi rete vijlan lè y ap travèse zòn travay yo.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)